

Pou:

Re:

Sijè: **Distrik lekòl-la pa gen entansyon aji nan ka-sa-yo:**

Jwenn pa kalifye

Refize sèvis ki obligatwa

Lòt: \_\_\_\_\_

[Tanpri bay detay]

Dat anons-la:

---

Pa gen lontan depi Distrik lekòl-la te diskite ka elèv-sa-a avèk ou. Nap ekri jodi-a pou nou di-ou nou pa gen entansyon aji sou yon demann. Nou esplike nan dezyèm paj lèt-sa-a rezon ki fè nou refize.

Kòm nou konnen deja règleman edikasyon espesyal bay pwoteksyon pou ou ak pitit-ou. Wa jwenn ransèyman espesifik sou dwa legal-ou nan *Parents' Rights Brochure* (Liv sou dwa paran) nou voye tou avèk non moun ki kapab ede-ou konprann dwa-ou. Ou gen enterè fè lekti liv-sa-a ak lòt materyèl-yo avèk anpil atansyon.

Pèsonnèl distrik lekòl-la disponib pou rankontre-ou epi pale avèk ou sou dwa-ou epi refi distrik lekòl-la pou aji. Nou ankouraje-ou anpil pou ou rele-nou si ou gen okenn keksyon. Tanpri telefònen kontak distrik-la ki gen non- li anba-a. Mèsi anpil.

**Moun ki kontak distrik-la:**

**Ransèyman sou kontak-la:**

Sa ki nan anvelop-sa-a:

*Parents' Rights Brochure* (Liv sou dwa paran)

Lòt:

Re:

Dat anons-la:

***Enstriksyon pou pèsonèl lekòl-yo:***

*Anons-sa-a dwe al jwenn paran-yo nan lang natif natal-yo oswa nan okenn lòt mwayen kominikasyon yo sèvi. Distrik lekòl-yo dwe asire-yo tout paran-yo konprann sa ki nan nòt-sa-a. (Règleman federal §300.503)*

*Reponn keksyon-sa-yo pou ou dekri okenn refi pou bay oswa chanje idantifikasyon, pou fè evalyasyon ak plasman edikasyon oswa bay sèvis pou edikasyon espesyal:*

- 1. Ki aksyon distrik lekòl-la refize pran?*
- 2. Poukisa distrik lekòl-la refize aji?*
- 3. Ki opsyon rejte ki te konside epi poukisa yo te rejte chak nan opsyon-yo?*
- 4. Ki pwosedè evalyasyon, tèks, dosye oswa rapò ki te sèvi kòm baz pou refize aji?*
- 5. Ki lòt desizyon distrik lekòl-la pran?*
- 6. Èske gen okenn lòt etap ki rekòmande?*

---

**Deskripsyon an detay refi distrik lekòl-la pou aji**